



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÈK NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plizyè nominasyon osen administrasyon li an.

“Pandan sèt ane ki sot pase yo, administrasyon sa a te travay di e li te fè gwo pwogrè pou kreye yon New York pi djanm e pi jis pou tout moun,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m akeyi moun plen talan ak plen devouman sa yo nan nouvo wòl yo pral jwe osen ekip nou an. Ansanm, nou pral kontinye pouse gwo eta sa a pou pi devan.”

Nou nonmen **Cathy Calhoun** kòm Direktè Operasyon Eta a. Anvan sa, Madam Calhoun te sèvi kòm Komisyone Enterimè Depatman Transpò (Department of Transportation), e li te alatèt plan enfrastrikti Gouvènè an, ki te koute 100 milya dola sou senkan, pou ede diminye anbouteyaj ak polisyon lè, epi amelyore sekirite otomobilis sou wout New York yo. Anvan sa, Madam Calhoun te travay kòm Chèf Pèsonèl nan Depatman Transpò. Anvan sa, Madam Calhoun te sèvi kòm Kontwolè Adjwen pou Zafè Entègouvènmantal pou Kontwolè Thomas DiNapoli, epitou kòm yon reprezantan New York Santral pou ansyen Senatè Ameriken Hillary Clinton. Madam Calhoun te travay anvan sa tou pou ansyen Gouvènè David Paterson nan afè entègouvènmantal yo.

Yon nonmen **Linda Lacewell** kòm Chèf Pèsonèl ak Konseye pou Gouvènè a. Nan wòl siperyè sa a, Madam Lacewell pral sipèvizè operasyon Chanm Kongrè an (Executive Chamber), ansanm avèk koze etik ak respè lalwa. Dènyèman, Madam Lacewell te sèvi kòm direktè egzekitif Cancer Breakthroughs 2020 nan Fondasyon Chan Soon-Shiong NantHealth nan Santa Monica, California. Anvan sa, Madam Lacewell te sèvi kòm direktè jesyon risk ak konseye pou Gouvènè Cuomo, kote li te mete sou pye e an aplikasyon premye sistèm pou respè etik, risk ak konfòmite osen ajans ak otorite toupatou nan eta a. Madam. Lacewell te yon ansyen Konseye Spesyal pou Gouvènè a, ansanm avèk achitèk OpenNY, yon inisyativ modèn done lib. Madam Lacewell te sèvi tou kòm konseye espesyal pou Pwokirè Jeneral Cuomo, kote li te sipèvizè ankèt “pay-to-play” fon pansyon piblik, ak ankèt sou asirans sante andeyò rezo, e toulède ankèt sa yo te lakòz refòm osen sistèm nan onivo nasyonal. Anvan sa, Madam Lacewell te pase nèf ane kòm yon asistan pwokirè pou Distri Lès New York, sa ki te gen ladan dezan osen Fòs Operasyonèl Enron, e li te resevwa Meday Henry L. Stimson ak Prim Pwokirè Jeneral la pou Sèvis Eksepsyonèl (Award for Exceptional Service). Madam Lacewell te resevwa diplòm B.A. li nan New College, nan University of South Florida, e

yon J.D. (Doktè Jiris) avèk onè nan University of Miami, School of Law. Li te grefye pou yon Jij Distri Etazini pou Distri Sid Florida. Anvan sa, li te yon pwofesè adjwen nan New York University School of Law, kote li te anseye etik nan gouvènman, e li se yon ansyen pwofesè lwa nan Fordham University School of Law, kote li te anseye lwa sou kriminalite entènasyonal.

Yo nonmen **Letizia Tagliafierro** kòm Sekretè Adjwen pou Zafè Entègouvènmantal e Konseye Espesyal Gouvènè an. Prezantman, Madam Tagliafierro sèvi kòm Konseye Espesyal pou Sekirite Piblik. Anvan sa, Madam Tagliafierro te sèvi kòm Komisyonè Adjwen Divizyon Envestigasyon Kriminèl (Criminal Investigations Division) nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance) epitou kòm Direktè Egzekitif e Direktè Envestigasyon ak Ranfòsman Komisyon Jwent Eta New York sou Etik Piblik (New York State Joint Commission on Public Ethics). Anvan sa, Madam Tagliafierro te Direktè Zafè Entègouvènmantal nan Chanm Kongrè an, Konseye Espesyal pou Pwokirè Jeneral Eta New York, ak Asistan Pwokirè Distri nan Konte Erie. Madam. Tagliafierro gen yon Doktora nan Albany Law School ak yon Bakaloreya nan SUNY University nan Albany (SUNY University at Albany).

Yo te nonmen **Paul Karas** kòm Komisyonè Depatman Transpò pou kontinye plan investisman 100 milya dola Gouvènè an, pou modènize enfrastrikti ki twò ansyen nan eta a. Anvan li te antre nan Administrasyon Cuomo an, Mesye Karas te sèvi pou katran kòm Vis Prezidan ak Manadjè RS&H, Inc., yon konpayi konsiltasyon pou enfrastrikti transpò ak bilding. Anvan sa, li te sèvi kòm Prezidan ak Fondatè Karas Associates Co., yon konpayi konsiltasyon pou devlopman enfrastrikti. Mesye Karas te vin gen anpil eksperyans okou karyè li nan Otorite Pòtyè New York/New Jersey (Port Authority of New York/New Jersey), kote li te sèvi kòm direktè yon pwogram 3.2 milya dola pou Reparasyon Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy, e li te sèvi kòm Komisyonè Travo Piblik pou Vil Chicago pandan twazan. An 2004, lejislati Illinois te nonmen Mesye Karas osen Fòs Operasyonèl pou Transpò Rejyonal Northeastern Illinois (Northeastern Illinois Regional Transportation Task Force), e nan lane 1997, Chanm Repezantan Etazini (U.S. House of Representatives) te nonmen li osen Komite Konsiltatif Blue Ribbon (Blue-Ribbon Advisory Committee) pou rezoud pwoblèm finansman ak operasyon konsènan Amtrak. Mesye Karas te resevwa yon B.A. an Jeni Sivil nan University of Notre Dame, ak yon Metriz nan University of Michigan.

**Richard White** te jwenn nominasyon kòm Sekretè Adjwen pou Sekirite Piblik. Anvan sa, Mesye White te dirije Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit) nan Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR), yon inite san parèy ki toupatou nan eta a, ki ranfòse obligasyon pwopriyetè yo anvè lokatè yo, e ki enpoze sanksyon strik pou moun ki pa respekte lòd HCR ak lwa sou lwaye nan New York. Anvan li te travay pou Gouvènè Cuomo, Richard R. White te sèvi kòm "Of Counsel" pou konpayi komèsyal imobilye Cyruli Shanks LLP, avèk yon konsantrasyon sou zafè gouvènman, konfòmite, ak litij kriminèl konplèks. Anvan Cyruli Shanks, Mesye White te sèvi nan nivo ki pi wo osen ajans ak otorite gouvènman yo nan Vil New York; li te sèvi kòm Komisyonè Adjwen pou Envestigasyon, Odyans ak Litij osen Depatman Koreksyon Vil New York (New York City Department of Correction) e kòm Sou-Komisè Operasyon nan Depatman Pwobasyon Vil New York (New York City Department of Probation). Anvan sa, pandan plis pase yon deseni,

Mesye White te sèvi kòm yon Premye Ranplasan Pwokirè Robert M. Morgenthau nan Biwo Pwokirè Distri Manhattan nan (Manhattan District Attorney's Office). Mesye White te resevwa yon B.A. nan Ekonomi nan Franklin & Marshall College, yon diplòm lwa nan Delaware Law School; li te gradye Edikasyon Egzekitif (Executive Education Graduate) nan John F. Kennedy School of Government, Harvard University, e li te pase nan pwogram Negosyasyon pou Kad Siperyè (Program on Negotiation for Senior Executives) nan Harvard Law School. Komisyonè White gen dwa pratike lalwa na tribinal New York, New Jersey, Distri Columbia, Tribinal Distri Etazini pou Distri Sid ak Lès New York, Tribinal Distri Etazini pou Distri New Jersey, e nan Tribinal Siprèm Etazini.

**Peter Ajemian** te nonmen kòm Direktè Kominikasyon Adjwen pou Transpò. Anvan li te vin nan Biwo Gouvènè an, li te sèvi kòm Chèf Pèsonèl pou Senatè Eta a, Brad Hoylman. Anvan sa, li te pòtpawòl ak Konseye Prensipal pou Kominikasyon nan kad re-eleksyon reyisi Pwokirè Jeneral Eric Schneiderman. Li te sèvi tou kòm Vis Prezidan Prensipal pou konpayi konsiltasyon Marathon Strategies, kote li te kowòdone kominikasyon ak estrateji rechèch sou kat inisyativ reyisi konsènan bilten leta yo, ki te legalize maryaj pou menm sèks nan Washington, Maine, Maryland ak Minnesota. Li gradye University Boston ak The New School.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418